# LAPRIYÈ POU VOKASYON

Granmèt Rekòlt la, nou sipliye-w jan ou te di-n pou mande pou plis travayè pou sèvi nan jaden rezen Legliz ou-a. Ou te di-n rekòlt la anpil men travayè yo piti e nou fè eksperyans gran bezwen sila devan defi Nouvèl Evanjelizasyon-an.

Nou mande pou Lespri Sen enspire jenn gason ak jenn fi konsidere seryezman vokasyon pou vin pè, frè ou byen mè. Ede nou tout tounen bon enstriman pou ankouraje ak sipòte sila yo w-ap rele pou sèvi ak gide Legliz Brooklyn ak Queens demen.

Granmèt, ou te di Apòt yo ale pi fon. Nou mande-w favè ak kouraj pou reponn a apèl ou pandan n-ap lapriyè ak travay pou ogmante vokasyon pou pè, dyak, frè ak mè.

Nou mande sa nan non Jezi-Kri, gran Pè an chef la. Amèn.

+Nicholas DiMarzio